Tibebe K ap Kriye

Li nòmal pou yon tibebe ap kriye; kèk tibebe kriye anpil.

Si Ou Tande Kriye a…

Kanpe

Rilaks

Pran yon Repo

Pa janm sekwe, tape oswa voye yon tibebe



Dòmi an Sekirite

Tibebe yo kapab mouri lè yo pa dòmi an sekirite.

Yon Tibebe Dòmi Pi An Sekirite Lè Li…

A lone (Poukont Li)

On His or Her B ack (Kouche Sou Do Li)

In a C rib (Nan yon Bèso)

Liy Enfòmasyon pou Paran
1-800-CHILDREN (1-800-342-7472)

Depi nenpòt kote nan Eta New York, 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn, nan lang Anglè ak Panyòl

Kowòdinasyon Pwogram

Enfòmasyon pou Pran Kontak

maria Fareri children's Hospital
AT WESTCHESTER MEDICAL CENTER

Rejyon Pati Sid Eta a
Maria Fareri Children's Hospital nan Westchester Medical Center
(914) 493-7235

WOMEN & CHILDREN'S HOSPITAL OF BUFFALO
A Kaleida Health Facility

Rejyon Pati Nò Eta a
Kaleida Health Women and Children's Hospital of Buffalo
(716) 878-7441

Enfòmasyon Sou Pwogram Nan

Safe Babies New York se yon efò k ap fèt nan eta a pou edike tout paran yo sou tibebe nòmal k ap kriye, kontwòl estrès ak somèy an sekirite. Women & Children's Hospital of Buffalo, yon San Sante Kaleida, ak Maria Fareri Children's Hospital nan Westchester Medical Center ki nan Valhalla se komite dirijan pou pwogram sa a. Tout lopital ki nan Eta New York gen posiblite pou patisipe nan pwogram enpòtan sa a.

New York State Office of Children & Family Services
NEW YORK STATE CHILDREN & FAMILY TRUST FUND
"Strengthening New York's Families"

Pwogram nan finanse, an pati, avèk New York State William B. Hoyt Memorial Children and Family Trust Fund, yon pwogram ki administre anba kontwòl NYS Office of Children and Family Services.

Safe Babies New York

DÒMI AN SEKIRITE

Fason pou Siviv avèk Tibebe k ap Kriye

Kontwole ESTRÈS

Yon Gid pou Paran yo

Fason pou Konprann Lè Tibebe a Ap Kriye
Pou Kisa Sa Enpòtan?

Tibebe yo ka kriye lè yo grangou, lè yo poukont yo, lè yo fatige, oswa lè yo bezwen chanje kouch. Menmsi kriye a se yon pati nòmal nan jounen tibebe a, li ka vle di tibebe ou malad oswa gen doulè. Si ou panse se ka a, li enpòtan pou kontakte pedyat ou.

Pran swen yon tibebe kapab fatigan ak estresan pafwa "Pèdi li" kapab rive nenpòt moun, sitou lè yon tibebe t ap kriye anpil.

Twomatis nan Tèt akòz Abi (ki rele "Sendwòm Tibebe yo Sekwe") kapab fèt lè yon adilt pèdi kontwòl li epi li ka sekwe, tape oswa voye yon tibebe. Sa kapab lakòz tibebe a pran chòk ki grav, men sa kapab evite nèt.

Si Ou Tande Kriye a…

Kanpe

Mete tibebe a yon kote ki fè li alèz epi an sekirite kote ou kapab tcheke li tanzantan, tankou yon bèso ki anplas oswa ki pòtatif, epi deplase. Pa gen pwoblèm pou kite tibebe ou kriye pandan w ap kalme ou. Kriye a p ap lakòz domaj nan sèvo li oswa domaj pou tibebe ou nan okenn fason.

Rilaks

Sòti deyò pandan dezoutwa minit epi ale nan yon lòt chanm kote kriye pa twò fò. Chita epi respire fò pandan dis (10) fwa. Koute mizik, fè lekti, oswa fè yon egzèsis fizik.

Pran yon Repo

Si li posib, rele yon zanmi, yon vwazen, oswa yon manm fanmi ou fè konfyans pou ede ou pandan yon moman.

Kèk Ti Konsèy Pou Kalme Yon Tibebe K ap Kriye

- Fwote do li oswa karese tèt li pandan w ap konte dousman.
- Kite li koute yon son k ap repete oswa yon son ki kalm.
- Chanje dekò kote li ye a. Fè yon pwomnad deyò a.
- Dousman balanse li nan bra ou oswa mete li sou zèpòl ou pou mache avèk li.
- Fredone oswa chante pou li.
- Eseye yon sousèt, oswa ede li jwenn dwèt pous li pou li souse.
- Mete li nan yon plas vwati a epi deplase avèk li nan vwati a.
- Pote li nan yon 'Pòt-bebe'.

Dòmi an Sekirite
Pou Kisa Sa Enpòtan?

Tibebe yo kapab mouri lè yo pa dòmi an sekirite. Swiv **ABC's of Safe Sleep** epi redui konsekans lanmò trajik sa yo.

Alone (Poukont Li)

1. POUKONT LI vle di yon espas apa pou li dòmi:
   - SAN Adilt
   - SAN Adilt pa menm yon **Marasa**
   - SAN Bèt Kay
2. Pa ta dwe gen lòt moun ki nan espas kote pou tibebe ou dòmi, menm oumenm.
3. SAN zòrye/dra pou kouvri/pwotèj/jwèt/ nounous. Bagay sa yo kapab sifoke tibebe ou.

On The Back (Sou Do)

1. Lè ou mete tibebe ou kouche sou do se pozisyon ki pi bon pou li dòmi.
2. Li pa rekòmande pou mete tibebe ou dòmi sou vant ak/oswa sou kote.
3. SAN zòrye/dra woule /ranfòsman pou elevasyon oswa sipò.
4. Si ou kwè tibebe ou bezwen yon pozisyon diferan pou li dòmi, diskite sou sa avèk pedyat ou.

In A Crib (Nan Yon Bèso)

1. Bèso yo bay yon sifas ki pwòp, solid, ak san fatra pou yon tibebe dòmi.
2. Yon matla solid ki deziyen pou bèso a bay yon bon sifas pou dòmi ki p ap nuizib pou respirasyon tibebe ou.
3. Si w ap itilize yon bèso ki ansyen, asire pou tcheke si li satisfè kondisyon sekirite yo. Tcheke Komisyon Sekirite Pwodui Konsomatè (Consumer Product Safety Commission) (www.cpsc.gov).
4. Pa janm kite tibebe ou dòmi sou yon kanape oswa sou yon chèz. Sa reprezante yon risk pou bloke gòjèt tibebe a epi/oswa pou fè li nan yon pozisyon ki danjere.